

Dezyèm Jou, Premye Enpresyon

Otè: Michelle Knudsen

Mcgraw-Hill Summary in Haitian-Creole

Kesyon esansèl: What can lead us to rethink an idea?

Kisa ki ka fè nou panse ankò sou yon lide?

Se te dezyèm jou lekòl, jou predate an senkyèm ane yo fè lachas. Luisa rive devan baryè a epi li fè yon kou dèy sou tout kantite etranje pou ekip “Mayo Wouj” ki te la. Li santi lestomak li boulvèse. Tout klas senkyèm ane yo te etabli yo sou gazon lekòl prime “Green Heaven”. Te gen pwofesè, paran, volontè ki kontan epi yo gwoupe an gwoup an koulè diferan. Finalman, li wè pwofesè li Mr. Martuci ki ap fè l siy pou vin jwen li anban yon pye mapou. Li wè kèk elèv li te wè yè, men li pa t gentan pale ak yo. Petèt se ka premye chans li pou fè konesans avèk yo epi fè zanmi nan pami yo.



Direktè a di “Allo, tout moun” nan opalè a. “Mwen konnen tout moun anksye pou koumanse. Men tanpri, ramase gwoup ou pou nou ka koumanse evenman anyèl dezyèm jou predate nan lekòl Greenhaven”. “Sonje nou ken endis, eseye evite distraksyon ekip rival nou ka koze. Liy final la pa make. You dwe prete atansyon ak endis yo pou ka rive.” Premye ekip ki rive nan liy final la pral genyen.



Kòm manm nan ekip wouj la, Luisa vle patisipe tout bon vre ak ede jwen repons pou kesyon li yo, men li santi li two entimide pou li pale. Erezman Luisa pa pran tan pou li santi li alèz ak manm ekip li a. Lachas predatè a tounen yon bon opòtinite pou Luisa domine **lakrentif** li, pou li vinn yon manm enpòtan nan ekip li a. Direktè a di: “Ale”

Pwofesè a bay yo yon anvlòp, yo tout panche pou li sa ki ekri a.

Beynveni, Ekzplorè! Li lè pou koumanse. W ap bezwen rapidite ak entelijans pou ranpòte viktwa. Panse ak yon kote ki gen pi plis lèt. Anpi ale la pou ka kontinye, Greenheaven mache-pran-yo!

Mr. Martuci di yo “Men kat la” epi li di “Mwen la pou akonpaye nou sèlman, mwen pa ka ede nou” demele nou pou jwenn **endis** la”. Luisa di petèt se sinema a. Yo panse se ka bibliyotèk. Apre yo di “lèt pa alfabè” se ka lapòs. Lè yo rive nan lapòs la, yo jwenn yon lèt tache nan pòt la.

Dezyèm etap la se yon bagay w ap kontan fè. Ou ta swete ou gen tan pou Rekreyasyon. Yon bon kote pou ale pou yon sipriz pou fèt ou. Kouri ale, anpi bon bagay pral rive

Luisa di nan kè li “mwen dwe eseye pou mwen ede. Petèt se nan yon elevatè”. Yon timoun di “se nan yon boulanje, se la nou jwenn gato, pen ak gato souleve” Luisa te pè pale. Men li di, poukisa pou m pè “pèsonn pa t ri lòt timoun yo lè yo te bay

repons ki pa t bon”. Luisa swiv yo pou ale nan boulanje a. Yo wè yon anvlòp tache sou bifèt kote gato yo ye a.

Panse ak manm fondatè yo, le gran ou-konnen-kilès
Li te koumanse vil sa nan lane 1802
Ale kounye a nan dènye kote li repose
Men tan an limite! Ale vit

Pòl, ki youn nan tigason yo di “nan simityè a. Non, Luisa di “sa pa bon”. Pòl di “Li di dènye kote li rezoze” sa se simityè pou mwen. Luisa di non “yo pa t antere li nan simityè” Mwen te li lè fanmi mwen tap deloje pou vinn viv bò isit la. Yo te antere li nan bibliyotèk la. Genyen yon pye bwa ak yon plak ki gen non li enskri sou li. Tout ti moun yo sezi, genyen ki di yo pa t konn sa.

Lè yo rive, yo wè yon anvlòp sou plak la ki di:

Kounye ale nan kote ou jwenn “pigskin”.
Men pa pèdi tan ak kouri toupatou
Santre nou, epi monte jiskanlè
W ap konnen pou rete lè w pa gen espas ankò

“Estad foutbòl” Tyler di desidamman. “Pigskin, ap kouri toupatou.. sa klè. Mwen pa konnen sa santre vle di.”

“Mwen parye se sant terren an” Luisa di. Nou dwe jwenn sant lan epi ale jiskanlè ann ale nan estad la. Lè yo rive yo jwenn yon anvlòp.

You wè anvlòp la lè yo rive anlè ban yo nan estad la.

Ou prèske rive! Fen an tou pre.
Akonpli bi nou. Pa kite lit la!
Gade kote w te ye, gade kote ou ye a
Itilize sajès kounye a pou navige, y ap vinn yon esta!

Devon gade nan kat la. “Sa pa redwi **chwa** nou di tou.” Devon di “timoun gade kat la byen, nou dwe retounen kote nou te sòti a. Yo tonbe kouri. Malerezman ekip yo a rive an dezyèm. Yo kontan yo te met tèt yo ansanm pou rezoud tach la. Luisa te

fatige men li kontan kouche anba pye bwa yo ak nouvo zanmi li. Li konfidan jodi a se premye nan anpil anvanti ki kap vini.



Kesyon

Poukisa Luisa pè pale? Reli istwa a ka ede w reponn kesyon an.

Ki erè ekip la te pral fè? Kouman Luisa te ede?

Kouman “ekip wouj la santi l lè l rive an dezyèm?

Bi otè a:

Kouman otè Michelle Knudsen itilize dyaloj pou fè pèsonaj vinn reyèl? Bay yon ekzanp espesifik.